



Pou Piblikasyon Imedya: 28/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI ESTRİK POU LITE KONT KONSOMASYON ALKÒL ANVAN LAJ OTÒN SA A

***SLA ak DMV ap mete tèt ansanm pou mennen operasyon kont konsomasyon
alkòl anvan laj nan vil inivèsité yo toupatou nan eta a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon efò ant ajans nan eta a pou pran mezi estrik kont konsomasyon alkòl anvan laj sou kanpis kolèj yo ak nan vil inivèsité yo pandan semès otòn nan ap kòmanse. Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) New York la ak Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta New York la, ansanm avèk ajans fòs de lòd lokal yo, pral chèche nan lokal toupatou nan eta a ki gen lisans pou vann bwason, tankou paregzanp ba, restoran, magazen bwason ak makèt, pou jwenn fo kat idantite ak vant ilegal bay minè.

“Konsomasyon alkòl anvan laj kapab lakòz move desizyon ki ta kapab gen konsekans ki dire tout lavi, oswa pi mal toujou, epi administrasyon sa a pran angajman pran devan pou anpeche jèn Nouyòkè yo achte epi konsome alkòl jan ki pa sa”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Operasyon fòs de lòd sa yo nan tout eta a pral kontinye fè pati efò nou yo pou dekouraje konsomasyon alkòl anvan laj ak trajedi ki te kapab evite yo ki souvan rive apre sa.”

Efò aplikasyon lalwa konbine a pral kòmanse touswit pandan etidyan kolèj yo ap retounen sou kanpis pou semès otòn nan. Balewouze fòs de lòd yo ap fè yo antre nan kad inisyativ sekirite ki reyisi Gouvènè a pran yo pou dekouraje konsomasyon alkòl anvan laj epi anpeche acha ak itilizasyon fo dokiman idantifikasyon, epi li ajoute sou efò Otorite Alkòl Eta a ak DMV ap fè regilyèman yo pandan tout ane a pou minè yo.

Yo ka arete moun ki gen mwens ke 21 an yo kenbe k ap itilize fo Kat Idantite oswa fo dokiman yo ki gen entansyon pou yo kapab achte alkòl, epi revoke lisans yo pou yon dire 90 jou ominimòm oswa rive jiska yon lane. Anplis de sa, biznis Otorite Alkòl Eta a te enkilpe yo poutèt lavant bay minè ap fè fas a sanksyon sivil rive jiska 10,000 dola pa vyolasyon, epi residivis yo ap fè fas tou a posibilite sispansyon oswa revokasyon lisans pou vann bwason yo.

Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Alkòl Eta, te deklare, “Sou Gouvènè Cuomo, òganis eta yo ap konbine resous yo epi travay avèk fòs de lòd lokal yo pou pran mezi estrik kont konsomasyon alkòl anvan laj ak itilizasyon fo pyès idantite. Nou fè detantè

lisans yo sonje pou yo fè tout posib yo pou verifye yo p ap vann bay minè, sa gen ladan pran mezi senp ak dirèk verifye pyès idantite tout moun ki parèt kòm kwa li poko gen laj”.

Komisè Egzekitif Adjwen DMV a ak Prezidan Pwovizwa Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor’s Traffic Safety Committee, GTSC) Terri Egan, te deklare, “Avèk èd nouvo teknoloji, anketè nou yo kapab detekte menm fo pyès idantite ki pi sofistike yo. Objektif nou se pa gate kòmansman semès ankenn moun. Bi nou se dekouraje etidyan ki poko gen laj yo konsome alkòl epi gen posibilite mete lavi yo ak lavi lòt moun an danje. Nou fyè travay avèk SLA ak fòs de lòd yo pou kore efò Gouvènè a nan mate konsomasyon alkòl anvan laj toupatou nan eta a”.

Komisè OASAS, Arlene González-Sánchez, te di, “Pa gen anyen ki gen plis enfluyans sou desizyon yon jèn moun nan zafè alkòl oswa dwòg pase sistèm ankadreman ki antoure li a. Inisyativ Gouvènè Cuomo a pou pran mezi estrik sou konsomasyon alkòl anvan laj gen ladan efò antite ak moun ki nan pozisyon pou pwoteje jèn granmoun yo ak dekouraje yo nan zafè konsome alkòl anvan laj epi pou gen efè pozitif nan lavi yo”.

Nan dat 9 Me, Gouvènè Cuomo te anonse ke pandan operasyon kont konsomasyon alkòl anvan laj yo ki te fèt pandan mwa Davril 2018 la, Otorite Alkòl Eta a te enkilpe 200 biznis poutèt lavant bay minè, epi DMV te arete 48 moun ki potko gen 21 nan ki t ap eseye sèvi avèk fo pyès idantite pou achte alkòl.

Nan dat 3 Dawout, Gouvènè Cuomo te anonse lansman yon nouvo pwogram pilòt DMV genyen ki sèvi avèk teknoloji dènye kri pou pran mezi estrik kont konsomasyon alkòl anvan laj ak itilizasyon fo pyès idantite. Nouvo teknoloji sa a, ke yon konpayi ki baze nan New York, Intellicheck Inc., te devlope, pèmèt fòs de lòd yo eskane yon lisans oswa yon kat idantifikasyon gras a aplikasyon “Law ID” Intellicheck la sou telefòn entèlijan investigatè a epi konpare li avèk dosye chofè ki genyen nan tout 50 eta yo. Nan kèk segonn, investigatè yo konnen si yon kat idantifikasyon otantik. New York se premye eta nan peyi a k ap teste yon pwogram konsa. Pi ta mwa sa a, gen lòt anketè DMV ki pral kòmanse sèvi avèk teknoloji sa a sou teren an.

Otòn sa a, Otorite Alkòl Eta a ak Asosyasyon Restoran ak Tavèn Empire State la (Empire State Restaurant and Tavern Association) pral òganize yon fwa ankò yon seri fòmasyon gratis sou konfòmite toupatou nan eta a. Pwogram sa yo ki dire tout yon jounen pou mèt ba, restoran ak tavèn ak pèsonèl yo, santre sou responsabilite legal ki genyen nan vann alkòl epi yo bay fòmasyon nan konpetans pratik pou ede detantè lisans yo ansanm avèk anplwaye yo ranpli responsabilite legal yo, sa gen ladan anpeche vann bay minè.

Rechèch montre ke chak ane nan tout peyi a:

- Plis pase 1,800 etidyan kolèj mouri akòz de chòk ki gen rapò avèk alkòl;
- Etidyan ki bwè alkòl te agrese 696,000 lòt etidyan kolèj; ak
- 97,000 etidyan kolèj eksperimante agresyon seksyèl ki gen rapò avèk alkòl.

Anplis, [OASAS Eta New York](#) rapòte:

- Bwè alkòl anvan laj 21 ane ka entèfere avèk devlopman sèvo, koze difikilte pou aprann nan laj 20 ane yo; ak
- Itilizasyon alkòl bonè asosye avèk nòt fèb, absanteyis, ansanm avèk pousantaj ki pi elve pou kite lekòl segondè.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, 'HOPEline' 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)